Italie

# LAN MOO TAX ÑU YOBBU SAMAY XIBAARI BOPP CI EURODAC?

Xët B

## DOXANDEEM YUÑU JÀPP CI AB JEGGI FORONCEER BU DËPPOO WUL AK YOON



WOLOF

## LU TAX MA JOT TÉERE BII?

Dañu la fekk ngay jeggi foronceeru benn réew ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin te amu loo ci ndigal.

Teere bi dafay joxe leeral yu gëna yaatu ci xibaar yi njiit yi di dugal ak ban diir lay am.

## LAN MOO TAX MA WARA JOXE SAMA NATAAL AK SAMAY AMPAREENT BAARAAM?

Njiit yi ci réew mii dinañu jël sa ampareent baaraam ak sa nataal. Xibaar yii bu ñu leen boolee ak xibaar yi nekk ci sa dàntite ak yeneen xibaar yu am solo di na ñu leen yobb ci ab dencukaay bi Eurodac.

Eurodac dafay jokkale yenn xeeti nit yi yu cosaanoo wul ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ak seeniy ampareent baaram yi ñu dajale ak seeniy nataal.

31 Réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin yi mëna toppatoo say mbir ngir jël ci ay xibaar ñooy jëfandikoo dencukaay bi. Réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin lim nañu leen ci mujjantalu teere bi.

**Yaa ngi léegi ci Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

- 27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d’Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

- Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## YAN XIBAAR LAÑUY YOBB CI EURODAC?



Xibaar yii di ñëw ñu ngi leen denc ba leegi:

- say ampareent baaraam
- sa ab nataalu kanam
- bepp tur booy wuyoo jamono yii ak ci lu weesu
- sa taarixu juddu
- sa barabu juddu
- askan wi nga bokk wala askan yi nga bokk
- goor wala jiigen
- ay sotti yu sa dàntite wala kayiti tukki yoo mësa jëfandikoo, buñu jàppandee, lu mel ni ay xibaar ci wàllu seen Wéraay
- Ràññeekaayu ligeeykat bi jël say ampareentu baaraam ak sa nataal ak taarix ci bi ñu jëlee say xibaar te yonnee leen
- barab ak taarix bi ñu la fekkoon ngay jeggi foronceer bi te amu loo ci ndigal.

Xibaar yii di ñëw tamit dinañu leen dugal Eurodac bu ko laajee:

- xibaar yu jëm ci ndax dangaa mësa nàngu ci sa coobare ab digal ci dellu sa réew.
- ay xibaar ci ban jamono nga dellu woon sa réewu cosaan moo xam ci sa coobare bopp la woon wala njiit yi ñoo la toxaloon.
- Bu fekkee dañu la tànn ngir toxal la, réew bi ñu la toxal te mu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.

Am nga sañ-sañ ci jot ak joyyanti xibaar bu jaarul yoon bu nekk ci Eurodac ak sàkku ñu dindi say xibaar bu fekkee dañu leen jëfandikoo woon ci lu dëppoo wul ak yoon. Mën nga woo saytukatu xibaar yi ngir def loolu. Xibaari jokkoowukaay yu saytukatu xibaar yi mën nañu leen fekk ci teere bi ñu duppee "**Li nga wara xam ci Eurodac**".

## BA KAÑ LA SAMAY XIBAARI BOPP YI DI NEKK CI EURODAC?



Say xibaar dinañu leen denc ci diiru 5 at ñu sooga leen dindi ci saas yi.

Buñu la mayee kayit bu lay may nga bokk ci askanu benn réew bu bokk ci réew yhu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin laata diir bii di jeex, dinañu dindi sa xibaar yi. Buñu dindi wee sa xibaar yi, loolu du am benn jeexital ci sa tolluwaay ci réew mi nga amee kayit bu lay may nga bokk ci askan wi.

## NDAX AMNA YENEEN XIBAAR YUÑUY DENC CI EURODAC?

Liy tukkee ci sa gëstuy kaarange dinañu leen denc bu njiit yi gisee ni mën na am danga:

- yore ngànnaay
- bari fitna
- mësa bokk ci ay ñaawteefu terorism
- mësa def ñaawteef bu rëy boo xam ni mënoon nañu la ci dugal kaso ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

Bu yu mel noonu amee, di na ñu jàpp ni mën nga nekk ku wóorul ci kaarange réew mi. Loolu dinañu ko dugal Eurodac boole ko ak sabab bi wala sabab yi war te ñu leeral leen ci kaw.

Bu fekkee réew mi bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin jàppe tuñu la ku baaxul ci kaarange biir réew mi, dinañu dindi xibaar bi.

Am nga sañ-sañ ci jot ak joyyanti xibaar bu jaarul yoon bu nekk ci Eurodac ak sàkku ñu dindi say xibaar bu fekkee dañu leen jëfandikoo woon ci lu dëppoo wul ak yoon. Mën nga woo saytukatu xibaar yi ngir def loolu. Xibaari jokkoowukaay yu saytukatu xibaar yi mën nañu leen fekk ci teere bi ñu duppee "**Li nga wara xam ci Eurodac**".

Bataaxal bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci bataaxal bi. © European Union Agency for Asylum, 2025